

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
PENILAIAN TENGAH SEMESTER
MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari / Tanggal :

Kelas : III (Tiga)

Waktu :

1. Berilah tanda silang (x) pada huruf a, b, c, atau d di depan jawaban yang benar!

1. Tembang kang dilagokake sinambi dolanan lan lumrahe ditembangake dening bocah-bocah, diarani tembang . . .

A. Tengahan

C. Macapat

B. Dolanan

D. Gedhe

Cakepan tembang dolanan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonon angka 2 lan 3.

Pitik Tukung

Aku duwe pitik, pitik tukang

Saben dina, tak pakani jagung

Petok gogok petok petok

Ngendhog pitu, tak ngremake netes telu,

Kabeh trondol dhol dhol tanpa wulu

Megal megal gol gol gawe guyu

2. Tembang dolanan kasebut nyritakake babagan . . .

A. Tanduran

C. Sato

B. Dolanan

D. Paribasan

3. Swasana sajrone tembang dolanan kasebut yaiku . . .

A. Sedhih

C. Anyel

B. Kuciwa

D. Seneng

4. Ing ngisor iki tuladha tembang dolanan, kajaba . . .

A. Jaranan

C. Gajah-gajah

B. Jamuran

D. Kinanthi

5. Tembang dolanan ngemot piwulang kang becik, kajaba . . .

A. Jujur

C. Umuk

B. Kejujuran

D. Gotong royong

6. Obahe awak, jumangkahe sikil, kumlawene tangan, kedhepe mripat, lan owah-owahane praupan nalika nyritakake isi tembang dolanan diarani . . .

A. Wirasa

C. Solah bawa

B. Swara

D. Wirama

7. Ing ngisor iki irah-irahan tembang dolanan kang ngemot babagan piwulang supaya sregep sekolah yaiku . . .

- | | |
|----------------------|------------------------|
| A. Wajibe dadi murid | C. Dhondhong opo salak |
| B. Gundul pacul | D. Te kate dipanah |

Cakepan tembang dolanan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan angka 8-11

Jago Kluruk

Ing wayah esuk, jagone kluruk
Rame swarane pating kemruyuk
Wadhuh senenge sedulur tani
Bebarengan padha nandur pari
Srengenge nyunar kulon prenahe
Manuke ngoceh ana wit witan
Pating cemruwit rame swarane
Tambah asri ndonyo sak isine

8. Cakepan tembang ing dhuwur grembuk babagan . . .

- | | |
|----------------|---------------------|
| A. Wayah esuk | C. Jago kluruk |
| B. Nandur pari | D. Srengenge nyunar |

9. Swasana kang trep sajroning tembang dolanan kasebut yaiku . . .

- | | |
|-----------|-----------|
| A. Sedhih | C. Seneng |
| B. Anyel | D. Kuciwa |

10. Tembang dolanan ing dhuwur gambarake wanci . . .

- | | |
|----------|---------|
| A. Wengi | C. Esuk |
| B. Sore | D. Awan |

11. Tembang dolanan kasebut ngemot pitutur luhur babagan . . .

- | | |
|--------------------|-----------------|
| A. Tresna asih | C. Seneng weweh |
| B. Gotong – royong | D. Jujur |

12. Tembang dolanan migunakake basa kang . . .

- | | |
|------------|-------------|
| A. Endah | C. Krama |
| B. Prasaja | D. Rinengga |

13. Mendat mantule swara nalika nyritakake isi tembang dolanan diarani . . .

- | | |
|-----------|---------------|
| A. Wirama | C. Swara |
| B. Wirasa | D. Solah bawa |

Tembang dolanan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon ongo 14-18

Kodok Ngorek

Kodok ngorek, kodok ngorek
Ngorek pinggir kali
Theyot teblung theyot teblung
Theyot theyot teblung
Bocah pinter bocah pinter
Besok dadi dokter
Bocah bodo bocah bodo
Besok koyo kebo

14. Tembang dolanan kasebut ngrembug babagan . . .
 A. Sato
 B. Kahanan
 C. Tanduran
 D. Mangsa
15. Si kodhok ngorek ing pinggir . . .
 A. Telaga
 B. Bengawan
 C. Kali
 D. Laut
16. Unine kodhok adhedhasar tembang kasebut yaiku . . .
 A. Kung kong
 B. Thung thung
 C. Theyot theblung
 D. Tehyot tehyot
17. Bocah pinter besok bakal dadi . . .
 A. Bidan
 B. Dhokter
 C. Guru
 D. Dosen
18. Pitutur luhur sajrone tembang dolanan kasebut yaiku . . .
 A. Welas asih
 B. Sregep sinau
 C. Asih marang sasama
 D. Tulung tinulung
19. Aksara jawa cacahé ana . . .
 A. 20
 B. 21
 C. 22
 D. 23
20. Ing ngisor iki kang klebu dasanama aksara jawa, yaiku aksara . . .
 A. Dentawyanjana
 B. Murda
 C. Swara
 D. Wilangan
21. Tetenger kang digunakake kanggo miwiti ukara diarani . . .
 A. Pada lingsa
 B. Pada lungsi
 C. Adeg adeg
 D. Pangkon
22. Sandangan suku gunane kanggo menehi swara . . .
 A. i
 B. o
 C. u
 D. e
23. Sandhangan kang digunakake kanggo ngowahi utawa menehi swara saliyané a, diarani sandhangan . . .
 A. Legena
 B. Panyigeging wanda
 C. Wyanjana
 D. Swara
24. Sandhangan pangkon digunakake kanggo . . .
 A. Nulis gugus konsonan
 B. Nyigeg aksara
 C. Menehi swara o
 D. Menehi swara i
25. Tembang dolanan nduweni sipat kang gecul. Tembang gecul ateges . . .
 A. Sedhih
 B. Lucu
 C. Trenyuh
 D. Nelangsa
26. Ing ngisor iki kang ora klebu titikan tembang dolanan yaiku . . .
 A. Rasa lagune seneng
 B. Basane prasaja
 C. Cacahé gatra akeh
 D. Cengkohe samadya
27. Tembang dolanan kasusun saka ukara kang basane . . .
 A. Kawi
 B. Rinengga
 C. Prasaja
 D. Alus

28. Karangan bebas kang awujud prosa, diarani . . .
- | | |
|-------------|--------------|
| A. Gancaran | C. Tembang |
| B. Bebasan | D. Geguritan |
29. Bab kapisan kang ditindakake sadurunge praktik nembang dolanan yaiku . . .
- | | |
|----------------------|---------------|
| A. Pemanasan vokal | C. Intonasi |
| B. Tehnik pernafasan | D. Artikulasi |
30. Pamedhote ukara sajrone tembang dolanan uga diarani . . .
- | | |
|---------------|--------------|
| A. Ekspresi | C. Intonasi |
| B. Artikulasi | D. Frasering |